

# FWOD SOU YON AKT PWOPRIYETE: SA OU DWE KONNEN



## KISA FWOD SOU YON AKT PWOPRIYETE YE?

Fwod ak eskwokri ki gen rapò avèk ak pwopriyete yo rive fèt nan diferan fason epi yo difisil pou idantifye. Fòm ki pi popilè a se lè yon moun fè yon transfè pwopriyete ou san konsantman w oswa pèmasyon w. Li ka rive lè ou bay yon moun pwopriyete w la pa erè, paske yo te twonpe w nan yon tranzaksyon ki pa gen rapò tankou lè w ap siyen yon kontra pou reparasyon kay.

**Yo souvan itilize fo akt yo pou komèt lòt aktivite fwod tankou jwenn ipotèk, mete kanpe transfè byen imobilye, lavant an defisi oswa lwe byen imobilye ki nan sezi.**

Fwod nan akt pwopriyete a ka pwodui lè ou resevwa lajan pou transfè a. Anjeneral, lajan an ou resevwa a pi piti anpil pase valè kay la. Kalite eskwokri nan akt pwopriyete ki pi kouran yo se:

- Magouy fòklizyon ak eskwokri nan Travo Modifikasyon Kay yo
- Magouy Sistèm lokasyon-vant oswa pou racha
- Magouy Odit jidisyè pou prè yo, Eliminasyon dèt ipotèk, ak Plan pou demonte kapital ou
- Magouy Reprezantasyon jiridik ilejitim/Pwogram asistans
- Reparasyon kay, Pretè Lajan ak enterè, Plan Vant a defisi ak anpil ankò

**Valè byen imobilye nan Brooklyn k ap grandi yo ekspoze anpil pwopriyete kay ak risk pou fwod nan ak pwopriyete. Eskwo yo souvan ap chèche tigranmoun ak pwopriyete kay ki an difikilte.**

## ATANSYON AK SIYAL ALÈT YO!

Atansyon ak siyal alèt yo! Eskwo yo ka fè presyon sou ou pou ou siyen papyè, mande frè, epi ba w garanti yo ka jwenn modifikasyon prè "gouvènman an apwouve" oswa prè "ofisyèl gouvènman an". Eskwo yo pral eseye pouse pou ou pa chèche konsèy endepandan oswa konsèy pou w jwenn èd.

Ou ka viktim yon fwod oswa yon eskwokri nan ak pwopriyete ou si ou:

- Resevwa yon kourye ofisyèl ki fè konnen gen yon vant ozanchè ki pwograme
- Sispann resevwa bòdwo dlo ou oswa bòdwo enpo fonsye (taks sou pwopriyete) w yo
- Sispann resevwa pèman lwaye lokatè yo epi ou aprann yo t ap fè pèman lwaye bay yon lòt moun nan yon lòt kote
- Resevwa relve ipotekè oswa lòt enfòmasyon nan men yon kreditè ou pa t janm konnen ou te konn fè biznis avè l



Access Justice Brooklyn  
44 Court Street, Suite 1206, Brooklyn, NY 11201  
(718) 624-3894 | [help@accessjusticebk.org](mailto:help@accessjusticebk.org)  
[www.accessjusticebrooklyn.org](http://www.accessjusticebrooklyn.org)